

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa miboga peran salaku pakakas komunikasi manusa. Dina ngedalkeun gagasan atawa pamikiranana, manusa ngagunakeun basa sangkan bisa dipikaharti ku balaréa. Saluyu jeung pamadegan Fitriah, spk. (2021, kc. 1), yén basa nyaéta pakakas komunikasi nu utama lantaran basa mangrupa salasihiji aspék anu teu leupas tina kahirupan sapopoé masarakatna. Ilaharna, masarakat Sunda dina ngedalkeun pamikiran téh teu togmol atawa teu diucapkeun sajalantrahna sarta loba nu dibalibirkeun, ieu hal téh disebut ku istilah babasan jeung paribasa. Babasan jeung paribasa disebut ogé salaku eunteung jeung pola pikir masarakatna (Kinanti & Rachman, 2019, kc. 69).

Babasan jeung paribasa disebut ungkara tradisional anu mangrupa salasihiji warisan karuhun urang Sunda. Ku kituna, babasan jeung paribasa téh mangrupa kabudayaan kolektif anu kaasup kana jenis folklor tradisi lisan (Pertiwi spk., 2013, kc. 163). Nurutkeun Kusuma (2022, kc. 13), tradisi lisan mangrupa warisan adat istiadat nu mekar jeung tumuwuh ti hiji kelompok masarakat, anu satuluyna diwariskeun sacara lisan ka unggal generasi. Ku kituna, tradisi miboga patali jeung budaya sarta unsur-unsur anu aya dijerona kaasup basa (Darajat & Suherman, 2021, kc. 212). Basa di dieu salasihijina nyaéta babasan jeung paribasa Sunda misato. Cervantes (dina Danandjaja, 1984, kc. 28) nétélakeun yén babasan jeung paribasa nyaéta salasihiji wangun folklor anu mangrupa intisari pangalaman panyatur basana. Babasan jeung paribasa ogé kaasup kana pakeman basa. Pakeman basa nyaéta wangun basa anu has tur mandiri sarta harti anu dikandungna teu meunang dihartikeun sajalantrahna, boh harti tata basana boh harti nu dikandung ku unsur-unsur pangwangunna (Sudaryat, 2010, kc. 91).

Sacara umum, unsur babasan jeung paribasa téh miboga struktur jeung ma'na anu sarua ti bihari nepi ka kiwari. Ieu hal, lantaran babasan jeung paribasa ngabogaan aturan anu ajeg, sangkan maksud atawa ma'na tina ajén budaya dina éta babasan jeung paribasa bisa terus dimumulé (Djajasudarma, 1997 dina

Kodariah & Gunardi, 2015 kc. 114). Saluyu jeung pamadegan Djajasudarma, yén salasahiji ciri anu ngabédakeun antara babasan, paribasa jeung kalimah séjénna nyaéta teu bisa dirobah, dikurangan, dileuwihan atawa dilemeskeun kekecapanna, ieu hal téh lantaran babasan jeung paribasa mah geus mangrupa basa pakeman (Tamsyah spk., 2012, kc. 10).

Bascom (dina Danandjaja, 1984, kc. 32) nétélakeun yén babasan jeung paribasa miboga fungsi dina kahirupan masarakat, di antarana salaku sistem proyeksi, salaku pakakas dina netepkeun pranata jeung lembaga kabudayaan, salaku pakakas dina widang atikan, jeung salaku pakakas dina ngalarapkeun aturan nu aya di masarakat. Salian ti éta, fungsi ayana babasan jeung paribasa nyaéta salaku pakakas komunikasi, pikeun ngatur masarakat sarta pikeun méré panggeuing sangkan teu milampah kana kagoréngan.

Saluyu jeung pamadengan di luhur yén babasan jeung paribasa miboga maksud atawa ma'na anu sarua, kitu deui ngabogaan fungsi pikeun ngatur masarakatna, ieu hal téh lantaran dina babasan jeung paribasa Sunda runtuyan kecapna mangrupa babandingan, hasil niténan dina kahirupan sapopoé masarakatna. Babasan jeung paribasa diganti ku istilah anu aya di sabudeureun urang pikeun nyaruakeun jeung ngabandingkeun maksud omongan nu sabenerna, saperti ngaran sasatoan. Salasahiji conto larapna nyaéta dina runtuyan kecap *beuteung anjingeun* anu miboga harti beuteung anu gedé ka luhur jeung *ngadagoan kuda tandukan* anu miboga harti miharep perkara anu mustahil (Nugraha D, 2012, kc. 5 & 127). Ti dinya, bisa katitén yén babasan jeung paribasa téh mangrupa tradisi lisan warisan karuhun, anu struktur, makna jeung hartina teu robah ti bihari nepi ka kiwari.

Anapon ma'na anu nyampak dina babasan jeung paribasa, sacara umum pikeun méré naséhat lajuning laku, sarta ilaharna éta ungkara téh mangrupa hasil tina pangalaman manusa. Ku kituna, babasan jeung paribasa téh dipasing-pasing deui dumasar kana sifat atawa ma'na anu dikandungna. Nurutkeun kana sumber babandinganana babasan jeung paribasa Sunda ngawengku babasan jeung paribasa ngaran awak sakujur, mituwuhan, misato, mibarang, jeung ngaran kaayaan alam (Sudaryat, 2010, kc. 20). Salasahijina dina ieu panalungtikan leuwih museur kana babasan jeung paribasa Sunda ngaran sasatoan atawa disebut

Gianissa Eka Sondary, 2022

BABASAN JEUNG PARIBASA SUNDA "MISATO" (Ulukan Gramatikal, Semantik, jeung Étnolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ogé misato mangrupa babasan jeung paribasa anu aya patalina jeung ngaran-ngaran sasatoan tur babagian awakna, anu aya di sabudeureun masarakat.

Ungkara babasan jeung paribasa mangrupa bagian tina komunikasi budaya (Damayanti, 2019, kc. 941). Kasang tukang budaya mangrupa salasihiji alesan yén cicirén sélér-sélér bangsa téh nyaéta ku ayana basa tradisional, anu hususna dina ieu pedaran leuwih nyoko kana babasan jeung paribasa Sunda “misato”. Istilah anu digunakeun ku para ahli antara patalina basa jeung kabudayaan téh disebut kajian étnolinguistik. Étnolinguistik disebut ogé antropologi linguistik mangrupa gabungan pamarekan ku étnolog atawa antropolog budaya kucara maké pamarekan linguistik (Sugianto, 2015, kc. 52).

Babasan jeung paribasa Sunda hususna disawang tina sumber babandingan, salasihijina babasan jeung paribasa Sunda “misato” tangtu miboga wujud ébréhan pola pikir masarakat Sunda kana éta ungkara sarta ngabogaan ma’na atawa harti nu tangtu pikeun nu narimana. Ti dinya, urang mikabutuh cara pikeun ngama’naan eusi anu nyampak dina éta babasan jeung paribasa. Satuluyna, bisa kacangking ajén budaya salaku wujud tina tradisi lisan. Nurutkeun Damayanti (2019 kc. 941), ajén dijadikeun patokan pikeun ngajén jeung niténan hiji jalma atawa kelompok dina paripolah, laku lampahna.

Anapon panalungtikan saméméhna ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda anu geus dilaksanakeun, diantarana waé “Gaya Basa Metafora dina Babasan jeung Paribasa Sunda (Tilikan Stilistika jeung Semantik) ku Anita Nurul Fauziah (2014), leuwih museur kana gaya basa metafora anu aya dina babasan jeung paribasa Sunda tur ngagunakeun ulikan stilistika jeung semantik. Satuluyna, “Babasan jeung Paribasa Sunda nu Ngandung Babagian Awak (Tilikan Semantik)” ku Femy Firmansyah (2014), leuwih museur kana babasan jeung paribasa Sunda nu Ngandung Babagian Awak sarta ngagunakeun hiji pamarekan nyaéta ulikan semantik, sarta “Babasan jeung Paribasa Sunda Misato jeung Mituwuhan pikeun Bahan pangajaran Pakeman Basa di SMA (Tilikan Semantik)” ku Nurul Siti Rachmah (2016) leuwih museur kana babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan anu satuluyna dipatalikeun jeung bahan pangajaran.

Dumasar kana panalungtikan saméméhna, katitén réa pisan panalungtikan ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda anu geus dilaksanakeun. Dina ieu

Gianissa Eka Sondary, 2022

BABASAN JEUNG PARIBASA SUNDA “MISATO” (Ulukan Gramatikal, Semantik, jeung Étnolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan, miboga sasaruuan jeung panalungtikan nu geus dilaksanakeun nyaéta museur kana babasan jeung paribasa Sunda. Aya ogé bébéda antara ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjénna nyaéta dina ieu panalungtikan leuwih museur kana sumber babandinganana nyaéta babasan jeung paribasa ngaran sasatoan (misato) jeung ngagunakeun tilu cabang élmu kabasaan salaku péso dina ngulikna nyaéta ulikan gramatikal nyaéta ngulik wangun gramatik atawa unsur pangwangun dina babasan jeung paribasa, ulikan semantik anu mangrupa ngulik maksud anu nyampak dina ungkara babasan jeung paribasa sarta étnolinguistik mangrupa kajian anu matalikeun antara basa jeung budaya.

Dumasar kana kana kasang tukang masalah di luhur. Ieu panalungtikan anu judulna “Babasan jeung Paribasa Sunda “Misato” (Ulikan Gramatikal, Semantik, jeung Étnolinguistik)” téh perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, masalah baris dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- 1) Naon waé wangun gramatikal babasan jeung paribasa Sunda “misato”?
- 2) Kumaha maksud anu dikandung dina babasan jeung paribasa Sunda “misato”?
- 3) Ajén budaya naon waé anu kapanggih dina babasan jeung paribasa Sunda “misato”?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, anapon tujuan panalungtikan baris dipedar saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maham jeung ngadéskripsikeun babasan jeung paribasa Sunda “misato” tina jihat gramatikal, semantik, jeung étnolinguistik.

1.3.2 Tujuan Husus

Saluyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tilu tujuan husus, di antarana pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun:

- 1) wangun gramatikal babasan jeung paribasa Sunda “misato”;

Gianissa Eka Sondary, 2022

BABASAN JEUNG PARIBASA SUNDA “MISATO” (Ulikan Gramatikal, Semantik, jeung Étnolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) maksud nu dikandung dina babasan jeung paribasa Sunda “misato”; jeung
- 3) ajén budaya anu kapanggih dina babasan jeung paribasa Sunda “misato”.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, anapon kitu dipedar saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang kabasaan, hususna tata basa Sunda widang gramatikal, semantik, jeung étnolingusitik tina babasan jeung paribasa Sunda misato.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan dijentrékeun saperti ieu di handap.

1) Pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina widang kabasaan, hususna kajian gramatikal, semantik, jeung étnolinguistik dina babasan jeung paribasa Sunda “misato”.

2) Pikeun mahasiswa

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh tur dijadikeun référénsi dina mata kuliah anu aya patalina jeung widang kabasaan sarta dina panalungtikan ilmiah séjénna.

3) Pikeun Guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh tur dijadikeun référénsi dina kagiatan pangajaran hususna ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda “misato”.

4) Pikeun masarakat

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun bahan pangaweruh, tur wawaran ngeunaan babasan jeung paribasa nu aya patalina jeung ngaran sasatoan.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi, dibagi jadi lima bab, nyaéta diwincik saperti ieu di handap.

Gianissa Eka Sondary, 2022

BABASAN JEUNG PARIBASA SUNDA “MISATO” (Ulukan Gramatikal, Semantik, jeung Étnolinguistik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan, anu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori nu aya patalina jeung babasan jeung paribasa Sunda, gramatikal, semantik, étnolinguistik, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén ngumpulkeun data jeung analisis olah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan data jeung hasil panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, sarta rékoméndasi sangkan bisa méré mangpaat pikeun balaréa.